



# Get Ready Ministries

De Temwen yo

Revelasyon 11: 3-4

<sup>3</sup> E M'ap bay pouvwa ak de temwen'm yo, e ya pral pwofetize pandan mil de san swasant jou, yo te abiye avèk rad sak <sup>4</sup> Yo se de pye oliv, ak de pòtlamp ki kanpe devan Senyè tè a.

Kiyès ki de temwen yo? Èske yo se 1<sup>ère</sup> **Moyiz ak Eli**, oubyen 2<sup>ème</sup> **Enòk ak Eli**, oswa 3<sup>ème</sup> de **lòt pèsonalite**. Youn nan twa potansyèl sa yo ap vini nan dènye jou sa yo **de temwen Bondye yo**.

**Moyiz ak Eli** sanble ke yo te kapab de temwen yo. Moun ki kont ide sa-a fè konprann ke Ebre 9:27 retire Moyiz nan lis de temwen yo, paske Bib la pa sipòte pou moun mouri de fwa, e nou konnen ke Moyiz te mouri yon fwa dejà. La ankò, si se volonte Bondye, sètènman se sa kap rive. Menm jan sa te pase pou pitit gason vèv Nayin nan (Lik 7: 11-17), ak pitit fi Jayiris la (Lik 8: 52-56), ansanm ak Laza nan Betani (Jan 11) – A pati de la, nou ka konprann ke pwoblèm Ebre 9:27 la se pa rezon ki diskalifye Moyiz kòm youn nan de temwen Bondye yo.

**Enòk ak Eli** te ka gen posiblite pou yo ta de temwen yo, paske yo menm yo se de moun ke Bondye pran e mennen yo nan syèl san yo pa fè eksperyans lanmò (Jenèz 5:24; 2 Wa 2:11). Sa-a se te youn nan gwo evènman, si se pa pi gwo nan lavi Enòk ak Eli, men ankò gen kèk moun ki di ke Enòk pat preznan moman transfigurasyon an. Aksyon sa yo pa kalifye osnon diskalifye Enòk tankou youn nan de temwen Bondye yo, Seyè a ka toujou aji jan ki fè'l plezi ya. (Revelasyon 11: 7-12).

Esansyèlman Revelasyon 11 pa konekte okenn pèsonalite popilè avèk de temwen yo. Si pa aza pèsonalite sa yo ta Moyiz ak Eli, oswa Enòk ak Eli, pou kisa ke pawòl la ta rete sou silans li sou kesyon sa-a? Apre tou retou Jezi-Kris pa yon sekrè pou pèsòn. Seyè a ka pran de moun "san repitasyon" e ba yo pouvwa pou yo fè menm siy ak mirak ke Moyiz ak Eli te fè yo. Pa gen okenn pawòl nan Revelasyon 11 ki fòse nou aksepte okenn karaktè "popilè" kòm de temwen yo.

An premye lye, nou dwe konprann pou kisa yon temwen gen tout enpòtans sa-a:

Konprann ke chak fwa ke yon temwen ta nesesè, se paske verite bezwen devwale. De temwen yo ap pote aksyon final ki pral sele tout verite Bondye yo. Sonje ke de osnon twa temwen nesesè pou dekoutri verite. Nan dènye mouvman sa yo, Senyè Bondye nou an pral definitivman separé mouton ak kabrit yo, e konsa li va make pèp li a sou fwon yo.

Kite'm pran devan pou'm di nou davans kiyès **de lòt pèsonalite** sa yo ye. Yo se Jezi-Kris ak Sentespri-a. Sèl rezon ki fè ke nou paka wè de pèsonalite sa yo se paske yo menm, moun kap etidyé Bib la, olye pou yo fouye byen fon nan pawòl la, yo prefere naje sou sifas li, e bay bras nan yon fènwa total kapital. Chèche konnen kiyès de temwen sa yo ye, te toujou okipe lide etidyan Bib yo pandan ane aprè ane, divès kalite konklyzion te soti nan rekòmandasyon ke yo te fè. Apot Jan nan liv Revelasyon idantifye de temwen yo tou senpleman kòm **de pie oliv ak de pòtlamp** ki kanpe devan Seyè tè a. E se la ke etid nou an pral konsandre. Mwen kwè, ke si nou rive konnen kisa ak kiyès de pie oliv ak de pòtlamp yo ye; nou pral san okenn dout wè ak konprann kiyès de temwen yo ta dwe ye. Deskripsiyon misterye sa-a te devwale bay moun ki gen zòrèy pou yo tande nan Zakari chapit 4. Mwen envite nou tout nan yon moman de rezònman konsa na wè ansanm kisa Bib la te di sou kesyon sa-a.

Tanpri prete atansyon a sa ki pral rive la-a. Mwen pral li nan chapit 4 nan liv pwofèt Zakari a. Pandan map li, nap remake ke map kanpe de tanzantan pou'm bay eksplikasyon ; nou pati:

<sup>1</sup> E zanj ki t'ap pale ak mwen an te vini ankò. Li te reveye m' tankou yon moun ki tap leve nan dòmi. <sup>2</sup> Li te di m' konsa, sa ou wè la-a? E mwen te di, mwen te gade, e wè yon **pòtlamp** tout an lò, avèk yon bòl anlè'l, e sèt lanp li yo sou rebò 'l, e sèt tiyo nan sèt lanp yo, ki anlè ya : <sup>3</sup> E **de pye oliv** bò kote'l, youn sou bò dwat bòl la, e lòt la sou bò goch la. <sup>4</sup> Alò, mwen te reponn e m'te mande zanj ki te pale ak mwen yan, mwen di, sa sa yo ye Seyè mwen ? Epi zanj ki te pale ak mwen yan te reponn e te di'm, Ou pa konn sa sa yo ye? Mwen te reponn li: -Non, Senyè mwen. Zakari 4 1-4



# Get Ready Ministries

Zanj lan te leve Pwofèt la e'l te montre'l yon pòtlamp ak de pye oliv, epi li te eksplike Pwofèt la ki relasyon ke de bagay sa yo te gen ansanm, men Pwofèt la pa't konprann, konsa tou ou pa bezwen enkyete'w si'w poko konprann; e zanj lan te kontinye avèk eksplikasyon an, **e pral revele bay Pwofèt la kisa pòtlamp lan ye; ann li:**

<sup>6</sup> Epi li te reponn e li te pale avè'm, li di, sa-a se **pawòl Seyè ya** a Zowobabèl, li di, se pa ak fòs, ni ak pouvwa, men avèk Espri mwen, Seyè ki gen tout pouvwa te di. Zakari 4: 6

**Èske nou wè sa kap pase la-a;** zanj lan te di ke pòtlamp lan se **pawòl Seyè a.** Kòm nou tout konnen, Jezi se pawòl Seyè ya. Konsa, annou rezone ansanm, si Pwofèt Zakari te deklare ke **pòtlamp lan se pawòl Seyè ya**, e an menm tan an Apot Jan nan Liv Revelasyon, reprezante **pòtlamp lan kòm youn nan de temwen Seyè yo**, nan ka sa-a mwen pa kapab wè ni Moyiz, ni Eli ak ni Enòk tankou pawòl Seyè a, yon sèl moun ke nou konnen ke Bib la rele pawòl Seyè a se Jezi-Kris Seyè ak Sovè nou an. Si ou vle konprann pòsyon sa-a ou kapab fè yon kalkil byen senp: **pòtlamp lan egal (=) pawòl Seyè ya** (Zakari 4: 6); **pòtlamp lan egal (=) tou ak youn nan de temwen Bondye yo** (Revelasyon 11: 4); kòm rezulta, **pawòl Seyè ya** (Jezi-Kris) se youn nan **de temwen Bondye** yo.

Pwofèt la te jwenn enfòmasyon sou **pòtlamp lan**, sa te bal yon satisfaksyon, men li pat finn twò klè paske te gen yon lòt moso nan revelasyon an ki te manke toujou: **de pie oliv yo**, ki yo menm reprezante lòt temwen Bondye yan. Konsa, pwofèt la te kontinye ap poze zanj lan kesyon ; annou li:

<sup>11</sup> Epi m'te reponn, e m'te mande'l, kisa de pye oliv ki sou bò dwat pòtlamp lan e ki sou bò goch la yo ye?

<sup>12</sup> E m'te reponn ankò, m'te di'l, kisa de branch oliv sa yo ki a travè de tiyo an lò ap vide tout lwil an lò ki ap soti nan yo a?

<sup>13</sup> Li te reponn mwen e'l te di, ou pa konnen sa sa yo ye? M'te di, non, Seyè mwen.

<sup>14</sup> Alò li te di, sa yo se **de wen** ki kanpe devan Seyè tout tè ya. Zakari 4: 11-14

Se konsa, de pye oliv yo se **de wen** ke yo ye. Anvan ke nou antre nan detay, annou pran yon tan pou'n dekri ki sa Pwofèt la te wè:

1<sup>myè</sup>) yon pòtlamp ki te fèt an lò

2<sup>yèm</sup>) yon bòl sou tèt pòtlamp lan

3<sup>yèm</sup>) sèt lanp ki kole anlè bòl la

4<sup>yèm</sup>) sèt tiyo ki konekte avèk sèt lanp yo

5<sup>yèm</sup>) de pye oliv: yonn sou bò dwat ak yonn nan bò goch pòtlamp

6<sup>yèm</sup>) de branch oliv kole nan de tiyo an lò ki konekte nan bòl ki anlè ya

7<sup>yèm</sup>) transfè konplè de tout lwil an lò ki soti nan de branch oliv yo, pase nan de tiyo an lò yo pou y'ale nan bòl la.

Sa-a klèman montre modèl **Lanp Sen Bondye** ya, ki te parèt ak tout glwa, pouvwa ak majeste Bondye Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Lanp Bondye ya se Jezi-Kris, ki te li menm deklare ke li se limyè mond lan. Menm jan pòtlamp lan te gen yon bòl sou tèt li, ki te kole avèk sèt lanp, ki te konekte nan sèt tiyo, ki pral distribye lwil kap soti nan de pye oliv yo pou y'ale nan bòl la. Jezi gen Papa a sou tèt li, li te resevwa tout pouvwa ki nan Esprisen yan, pou li distribye nan sèt legliz yo, pawòl ak Sentespri Bondye Papa a. E sa-a se ekzakteman sa ke apot Jan te ekri ak dekri nan liv Revelasyon an:

<sup>12</sup> E m'te tounen pou'm wè ki kote vwa kap pale avè'm nan ye. Epi lè'm te vire, mwen wè **sèt pòtlamp an lò**;

<sup>13</sup> E nan mitan sèt pòtlamp yo youn tankou **Pitit lòm nan**, li te abiye avèk yon rad ki rive jis na pye'l, e mare anba tete'l avèk yon senti an lò. Revelasyon 1: 12-13

Jezi kanpe nan kè sèt legliz yo pou'l ba yo manje pawòl ki pote limyè, konpreyansyon, libète ak tout benediksyon ki ladan'l yo; ann li:

<sup>27</sup> E se konsa, pandan'l t'ap pale bagay sa yo, gen yon fanm nan pami foul la ki te pran la pawòl, li te di'l, benediksyon pou **vant** ki te pote'w la, e pou **mannèl** ke'w te tete yo. <sup>28</sup> Men li te di, benediksyon pito pou moun ki tande **pawòl Bondye a, epi kenbe'l.** Lik 11: 27-28

Menm jan ti bebe pran lèt nan tete manman yo e kenbe tout bon bagay nourisan yo pou yo ka grandi an sante, konsa legliz yo dwe tandem jan nouvèl ki soti nan pawòl Jezi Kris yo e kenbe yo pou bon jan kwasans espirityèl. Sa vle di pòtlamp ki kenbe bòl ki gen sèt lanp yo (sèt pòtlamp an lò) se Seyè ki kanpe nan mitan sèt legliz yo. Kòm tout lanp bezwen lwil pou'l ka bay limyè, konsa tou pawòl la -Jezi -pòtlamp lan- bezwen Sentespri ya pou'l ka byen fè tout moun konprann kisa volonte Bondye ye. Se konsa de pye oliv yo ki se sous tout lwil sen te vini pou'l jwe yon ròl ki nesesè. Bòl la se vesò kote tout manje espirityèl: tankou **Pawòl ak Espri Bondye** (pòtlamp



# Get Ready Ministries

ak de pie oliv) te rasanble ansanm pou bay **pítit Bondye** yo tete toupatou nan mond lan. Konprann byen ke **Lanp Sen Bondye** ya reprezante pa **Jezi-Kris ak Sentespri a ak sét legliz** yo. Tande sa:

<sup>4</sup> Jan a sét legliz ki nan Azi yo: ke gras ak lapè rete sou nou, se sa ki soti nan li menm ki la, e ki te la, e ki ap vini yan; e ki soti nan sét Espri ki devan twonn li an; <sup>5</sup> e ki soti nan Jezi-Kris, ki se **temwen fidèl**, e premye ki te fèt nan mitan mò yo, e prens tout wa ki sou tè ya. A li menm ki renmen nou, e ki te lave peche nou yo avèk pwòp san li, <sup>6</sup> e li te fè nou tounen wa ak prèt pou Bondye e pou Papa'l; se pou li tout glwa ak tout dominasyon pou tout tan e tout tan. Amèn. Revelasyon 1: 4-6

**Jezi-Kris ak Sentespri a, ansanm yo se de temwen Bondye yo, ke Jan ak Zakari te rele pòtlanp ak de pye oliv.** Yo se sèl èt ki te la depi nan konmansman an, non sèlman yo te wè, men tou yo tap aji ansanm ak Bondye Papa a nan kreyasyon tout bagay. Epi, soti nan premye rive nan dènye pwofèt la, tout sa yo te konn fè, yo te konn fè yo avèk **pawòl** e avèk **Sentespri** Bondye. Ou wè sa, pawòl ak Sentespri a- te – yo se - e y'ap toujou de temwen Bondye yo. Moyiz, Eli ak Enòk te temwen verite, bonte ak divinn enflyians ki nan Bondye, se sa ki rele "gras la." Jezi te di, li pa aksepte temwayaj ki soti nan okenn moun; pawòl la di:

<sup>33</sup> Nou te voye ale bò kot Jan, epi li te rann temwayaj de verite a. <sup>34</sup> Men mwen menm mwen pa resevwa temwayaj ki soti nan moun: bagay sa yo mwen di yo, pou nou kapab sove. Jan 5: 33-34

**Si Pítit la pa resevwa temwayaj ki soti nan moun, mwen kwè ke ni Papa-a ni Sentespri-a pa fè sa nonplis.** **Papa-a ak Sentespri-a se de temwen Pítit la.** **Papa-a ak Pítit la se temwen Sentespri-a,** epi finalman **Pítit la ak Sentespri-a se de temwen Bondye Papa-a.** **Bondye pa resevwa temwayaj ki soti nan lèzòm.** Jezi te kontinye pou'l di:

**<sup>36</sup> Men mwen gen pi gwo temwen ke pa Jan an: paske travay ke Papa-a te banmwen pou'm fini-an, menm travay sa yo ke map fè-a, rann temwayaj de mwen, yo montre ke se Papa-a ki te voye'm.**

**<sup>37</sup> E Papa-a li menm, ki te voye'm nan, te rann temwayaj de mwen. Nou pa janm tande vwa'l nan okenn moman, ni nou pa konn fòm ni nonplis.** <sup>38</sup> E pawòl li-a pa abite nan nou: **paske sila-a ke'l te voye-a, li menm nou pa kwè.**

**<sup>39</sup> N'ap chèche nan sa ki ekri yo, paske ladan yo nou panse nou gen lavi etènèl: e se yo menm menm ki rann temwayaj de mwen.** <sup>40</sup> E nou pap vinn jwenn mwen, pou nou ka gen lavi.

Gen yon lòt revelasyon mwen ta renmen pataje avèk nou konsènan pòtlanp lan. Pwofèt Zakari te wè yon sèl pòtlanp, alòs ke apot Jan li menm te wè de pòtlanp. Oke, sa-a se yon bagay ki eksplikab. Sonje ke zanj lan te dekri pòtlanp lan tankou "pawòl Seyè a," evidamman nan peryòd Zakari-a, pawòl Seyè-a te egziste sèlman sou fòm Ansyen Testaman an, men Jan te wè de pòtlanp paske li te temwen tou lède: Ansyen ak Nouvo Testaman an. Ansyen kontra-a, kòm yon mèt lekòl, te pote limyè pou'l mennen fanmi Bondye-a bay Nouvo Kontra-a (Galat 3: 24). Sepandan, Nouvo-a te pote yon limyè ki pi klere pou mennen yo nan wayòm Bondye-a.

<sup>12</sup> E Jezi te pale ak yo, li te di, Mwen se limyè mond lan: sila-a ki ap swiv mwen-an pap mache nan fènwa, men li va gen limyè ki bay lavi-a. Jan 8: 12

Kounye-a, konsènan de pye oliv yo, Bib la anpil fwa te konsidere lwil oliv tankou yon reprezantasyon fizik de Sentespri Bondye-a sou lòm nan. Pawòl ki montre pwofèt Samyèl k'ap wen David la se youn ladan yo; nou ka li:

**<sup>13</sup> Alò Samyèl te pran kòn ki gen lwil la, li te wen'l nan mitan frè'l yo: E **Espri Senyè a te desann sou David** depi jou sa a...** <sup>1</sup> Samyèl 16: 13

Rantre ofisyèl Jezi nan Ministè li-a se yon lòt egzanp ankò; li te di:

"Espri Seyè-a sou mwen, paske li te wen mwen pou'm te anонse bon nouvèl la bay pòv yo." Lik 4: 18a

Nou ka konprann ke lè Espri Senyè-a sou yon moun, sa vle di moun sa-a **wen**. Jezi se demonstrasyon fizik pawòl Bondye-a, kèlké swa'! te sou fòm Ansyen ak Nouvo Testaman an. Li menm, Jezi, te pote sou tèt li **de wen** ki kanpe devan Seyè tout tè ya. Jezi te resevwa tout sèt Espri Bondye yo yon fason pou'l bati Legliz Bondye-a e mennen'l nan delivrans etènèl.

**Revelasyon 11: 7 di nou ke bète la ap touye de temwen yo. Gen yon bagay ki pa finn twò klè la-a!** Si de temwen yo se Jezi ak Sentespri-a, ki jan li ta fè posib, pou yo ta touye yo-a, lè nou konnen ke Jezi te mouri yon fwa men li te leve nan twazyèm jou-a, e Sentespri ya se yon Espri sa vle di pèsòn pa ka manyen'l? Ou ta ka di li enposib; ebyen, fòk nou pa fè kalkil yo twò vit. Dènye bagay ke nou pa ta



# Get Ready Ministries

renmen fè la-a se konprann Bondye menm jan moun konprann moun. Pou nou ka fasilite konpreyansyon nou, pèmèt nou pran egzanp yon ensidan ke tout moun konnen byen:

Sa'm bral rakonte nou la-a, se yon aspè nan lavi yon moun ki rele Bernard Madoff, mesye sa-a kondane pou'l pase 150 ane nan prizon paske li te gen yon biznis mafya ke yo rele an anglè « ponzi scheme » nan biznis sa-a Madoff tap roule anpil milya dola ameriken. Gen yon pakèt gwo potanta ki te viktim nan konplo sa-a. Madoff kase ponyèt envestisè'l yo de \$65 milya dola, e pandan plisyè ane l'ap fonksyone konsa san youn nan envestisè yo pa janm wè sa. Finalman koze Madoff pran lari, 16.519 envestisè ki gen gwo enterè ki menase te rele Madoff lajistis. Nan mwa Mas 2009 - Madoff te gen onze akizasyon sou do'l, tankou: blanchi lajan sale, bay fo temwayaj, fè fwod ak vòl.

Nan Jun 2009 -Madoff te kondane a 150 ane nan prizon; yo sezi tout avwa'l yo, e tout byen pèsònèl li yo te vann ozanchè. Kredibilite Madoff fini. Pèsòn pap janm fè pawòl li konfyans. Madoff pa egziste! Pa gen moun ki vle tandem pale de li. Li klè e sèten **ke menm lè ke l'ap viv nan prizon**, Bernard Madoff se yon moun ki mouri.

Mond lan ap lanse yon masiv plan atak pou diskredite Jezi-Kris ak Sentespri-a, si yo rive fè sa, pawòl ak Espri Bondye nou an va mouri, konsa de temwen Bondye yo pap la ankò, sa vle di Bondye li mem pap egziste. Mè zalò, kòman yo planifye pou yo fè sa? Pa tout kalite zouti blòf ak konplo, manti Satan yo pral konvenk mond lan ke non Jezi, ak entèpretasyon Bib la mete lavi nou ak lavi timoun nou yo an danje, epi yo pral pase yon dekrè pou entèdi moun pale nan non Jezi-Kris e fè okenn aksyon pa pouvwa Sentespri a. Se pa pou okenn rezon ke mond lan ap konplete yon lis bagay mal, san sans, mechan e entrigan ki swadizan fèt nan non Jezi, pou yo ka jistifye konplo pou yo touye de temwen Bondye yo, lè yo va rive elimine pawòl Seyè a. Anpil ka tankou:

Lidè gwo-legliz Indiana **Jack Schaap**, ki te gen relasyon ak yon demwazèl 17 an. Daprè Schaap, relasyon an te volonte Bondye. Li te ekri nan yon lèt bay jèn fi-a "Sa-a se ekzakteman sa Kris la vle. Li vle marye avèk nou anplis vini amourèz etènèlman!"

Yon jèn goson 25 **Isaiah Kalebu**, antre nan kay yon koup femèl, li kòmanse tòtire, vyole, e'l ponyade yo. Jounal Seattle Times rapòte ke atakè-a di, "Mwen te la, e Bondye pa'm nan te di'm, Bondye Abraram, Izarak ak Jakòb lan, pou'm atake ènmi'm yo, epi'm te fè egzakteman sa."

**Gen yon fi ki rele Donna Marie Redding** ki te touye mari<sup>11</sup>: li di otorite yo ke mari'l itilize non Seyè-a an ven twò souvan se pou sa li tire'l. Redding di se "Jezi ki te di'l pou'l fè sa" paske mari'l se "dyab la."

Byen antandi aksyon sa yo, reprezante twa ti gress pousyè nan mitan pil mas la. Jis chèche pou mo "vyolans ki fèt nan non Krisyanite," wa wè ki jan lis la long.

Satan ap opere avèk anpil odas. L'ap imite vwa Senyè-a, e fè moun ki enstab yo, moun ki swadizan rele tèt yo kretyen yo aji malonètman nan non Seyè-a. Li ba yo popilarite ak richès, li retire anpil mo ak plisyè vèsè tout antye nan Bib la, Bib NIV. Li divize legliz yo, li chita ladan yo e aji tankou li se Bondye, montre yo kòman pou yo rayi youn ak lòt, e kreye tout metòd vyolans ke nou konnen jodi a. antekris la ap fè wout pou'l ampeche fanmi Bondye jwenn aksè ak pawòl Bondye e ak Sentespri-a. Lè tout fòm vyolans malonèt konplete pou fèt nan non Seyè rive kote pou yo rive yo, Dyab la pral sèvi ak sa pou'l vann agiman'l yo, e pran tèt tout moun, konvenk yo pou yo vire do kont tout pawòl ki ekri nan Bib la. Anplis lap ankouraje gouvènman nan mond lan pou yo kreye ak vote dekrè ki kondane aksè ak enfòmasyon sou Jezi-Kris. Wi, Bondye ap pèmèt ke bagay sa yo rive. Se pral moman desizif ki va pi empòtan nan lavi yon kretyen. Bondye ap lakòz tout moun ki pa kwè nan pawòl li-a tonbe anba men Satan;

2 Tesalonisyen 2: 11-12 te di:

<sup>11</sup> E poutèt sa Bondye ap voye ba yo yon gwo fòs pa konprann, pou yo ka kwè nan manti:

<sup>12</sup> pou yo tout ka kondane sila yo ki pa't kwè nan verite-a, men ki te pran plezi yo nan sa ki pa dwat.

Tantasyon ak konesans pral tèlman anvayi ke pwofèt Danyèl prevwa ke lòm nan va kouri pasi pala dèyè verite-a (Danyèl 12: 4). Mond lan ap akeyi manti Satan yo plis pase tout bagay. Antekris la ap resevwa onè ak glwa ki fèt pou Bondye sèlman. Yon lòt kote, Seyè-a ap prepare Legliz li ya pou'l resevwa de temwen li yo, ki se sèl fason pou'n chape anba grandè fo mirak sa yo. Yo menm, de temwen yo pral fè Legliz sonje e byen konnen tout aksyon desevan ki soti nan odas Satan, ki degize tèt li kòm si li te Bondye. Apot Pòl te di:

<sup>3</sup> Pa kite pèsòn twonpe nou pa nenpòt manyè: paske jou sa-a pap vini, tout otan apostazy-a pa rive an premye, e nonm peche-a devwale, pitit pèdisyon an;



# Get Ready Ministries

<sup>4</sup> Ki opoze e leve tèt li pi wo pase tout sa ki te rele Bondye, oubyen ki te adore; konsa limenm kòm Bondye va chita nan tanp Bondye-a, montre ke limenm li se Bondye. <sup>2</sup> Tesalonisyen 2: 3-4

Reflechi byen, si nempòt moun ka pwouve ke Bondye pa gen rezon, moun sa-a ap nonmen tèt li Bondye li menm.

A pati de la nou konnen ki sa sa n'ap tann yo ye, e ki jan apostazy-a ap gran nan mitan kretyen. Plan Satan se pou'l vinn menm jan ak Bondye; se rezon sa-a ki fè ke li bezwen touye de temwen. Paske osi lontan ke temwen yo vivan tanp Bondye-a ap toujou okipe pa yo menm, e pap gen okenn plas pou movè espri Satan yo. Se konsa pou Satan rive reye avèk siksè, pawòl ak Espri Bondye dwe elimine. Sonje ke kò nou se tanp Sentespri Bondye-a; li menm, Satan vle ranplase Sentespri-a pa espri mal yo, nan fason sa-a la souye tanp Sen Bondye-a epi bati yon lame rebèl pou retire Bondye sou twonn li. Tanpri, pa kwè'm sou pawòl, map envite nou pou n'al li Revelasyon chapit 11 e lè ou fè sa, mwen espere ke'w ka wè sa mwen pral di kounye-a la-a:

<sup>1</sup> Epi yo ban'm yon wozo ki sanble ak yon fwèt; e zanj lan te kanpe, li di, leve, e mezire tanp Bondye-a, ak lotèl la, ak yo menm k'ap adore ladan'l lan. <sup>Revelasyon 11: 1</sup>

Nan premye vèsè ki nan chapit la, ou ka wè ke Bondye te òdone evalyasyon tanp li-a. Pa blyie ke kò nou se tanp Bondye li ye. Bondye vle verifye eta twa bagay sa yo: **tanp lan, lotèl la** ak tout **adoratè yo**. Aksyon sa yo se preparasyon final ke Bondye ap fè nan kè Legliz li-a: Premyèman, enflyans, konpòtman ak direksyon chak kretyen pral tonbe anba jijman Senyè-a (se konsa ke **tanp lan va mezire**). Dezyèmman, Bondye pral asire'l ke tout kwayan yo te ofri tèt yo kòm yon sakrifis vivan e te swiv Ptit li-a sou mòn kalvè (sa-a se konsa **lotèl la te mezire**, konnen ke kwa-a se lotèl tout moun k'ap suiv Kris la). Twazyèmman, Senyè-a ap asire li ke vrè adoratè yo adore an espri e an verite, (se konsa ya mezire yo menm k'ap **adore an dedan tanp lan**). Sepandan, bagay ki etonan ke nou bezwen wè la-a se ki jan Senyè-a pa menm mande pou mezire kò mòtèl nou an, li te di:

<sup>2</sup> Men lakou ki deyò tanp lan kite'l, pa mezire'l; paske li tonbe anba men payen yo: e lavil Sen-an yo va foule'l anba pye yo pandan karann de mwa. <sup>Revelasyon 11: 2</sup>

Nanm nou ak espri nou se pwensipal pati sa yo ke bondye vle sove; alòske kò-a ap tonbe anba men payen yo. Konprann ke payen se tout lòt nasyon ki pa jwif; sepan dan vrè kretyen yo se yo menm ki jwif espirityèl (Ròm 2: 29) ke nasyon nan mond lan (payen yo) pral rayi e pèsekite pandan twa zan edmi oswa karann de mwa. Peryòd tan sa-a reprezante dezyèm mwatye nan sèt ane aprè ke yo te finn touye de temwen. Nan premye mwatye ya de temwen yo (pawòl ak Sentespri Bondye-a) yo pral abite tout kò legliz Bondye-a, avèk pouvwa e otorite pou'l ranfòse legliz e konplete travay preparasyon ki pral pèmèt ke legliz reziste ak tout fòm pèsekisyon. Menm si payen yo rayi nou, nou pral kapab preche bon nouvèl la san'n pa pè anyen; Jezi di nan Lik 21:15

Paske map bannou yon bouch ak sajès, ke okenn nan advèsè nou yo pa'p kapab demanti ni reziste. <sup>Lik 21:15</sup>

Se egzakteman pouvwa sa-a ke pawòl ak Espri Bondye, ki se de temwen yo pral manifeste nan mond lan; annou li:

<sup>3</sup> E mwen pral bay pouvwa a de temwen'm yo, epi y'a va pwofetize mil de san swasant jou, abiye ak rad sak. <sup>4</sup> Yo se de pye oliv ak de pòtlanp ki kanpe devan Bondye tè-a. <sup>5</sup> e si yon moun vle fè yo mal, dife ap soti nan bouch yo, epi y'ap devore ènmi yo: epi si yon moun vle fè yo mal, li dwe mouri nan fason sa-a. <sup>6</sup> Yo gen pouvwa pou fèmen syèl la, pou okenn lapli pa tonbe pandan tout jou ke y'ap pwofetize yo: epi yo gen pouvwa sou tout dlo pou fè yo tounen san, epi pou frape latè ak tout kalite malè, chak fwa ke yo ta vle. <sup>Revelasyon 11: 3-6</sup>

evènman sa yo te opere nan tan pase pa Sentespri a. Seyè Bondye nou-an te vle fè nou sonje ke nan dènye jou sa yo, li pral mete pawòl li nan bouch nou e ap voye lapli premye, ak lapli dènye sezon an (Joel 2:23), sa vle di l'ap voye tout pouvwa Sentespri-a pou pitit li yo, e pa gen moun k'ap kapab reziste. Men, lè pawòl avèk Sentespri-a fini ak travay preparasyon legliz Seyè ya; Bondye pral pèmèt Dyab la pran kontwòl sa k'ap fèt yo; Bib la te di:

E lè y'a va fini avèk temwayaj yo, bète ki soti nan twou san fon an va fè lagè ak yo, li va genyen viktwa sou yo, e li va touye yo. <sup>Revelasyon 11: 7</sup>



# Get Ready Ministries

Annou gade ki jan bêt la pral touye yo:

<sup>5</sup> E la li te resevwa yon bouch k'ap pale anpil gran bagay ak anpil blasfèm; e li te resevwa pouvwa pou kontinye karann de mwa.

<sup>6</sup> E li te ouvri bouch li pou'l blasfème kont Bondye, pou'l blasfème non Bondye, ak tabènak li-a, ak sila yo ki rete nan syèl.

<sup>7</sup> E li te resevwa nan li menm pou'l fè lagè ak sen yo e pou'l gen viktwa sou yo: e li te resevwa pouvwa sou tout fanmi ak tout lang ak tout nasyon. Revelasyon 13: 5-7

Èske ou te wè kantite blasfèm yo? Blasfèm siyifi pale mal. Nonm peche-a pral pale Bondye mal, pale non Bondye mal, pale tabènak la mal e pale sila ki rete nan syèl yo mal. **Pa gen okenn mal ke pèsòn kapab di sou Bondye, sèl mwayen pou yon moun blasfème oubyen pale mal kont Bondye se nan bay manti.** Konprann ke gè sa-a se yon batay ant verite Bondye avèk manti Satan. Pou yon peryòd de tan, Bondye pral pèmèt Satan ak lame li-a konvenk mond lan ak manti'l yo. Kòm Adan ak Èv te chwazi manti Dyab la sou verite Bondye yo; Se konsa, nasyon ki nan mond lan pral fè menm bagay la tou. Pandan karann de mwa, pawòl Bondye-a pap kapab preche, epi Espri Bondye pap ka aji nonplis. Y'a va touye de temwen yo e ekspoze yo pandan twa jou edmi. **Ekspozisyon sa-a ap demontre ke de temwen yo pa gen okenn kredibilite pandan karann de mwa.** Se yon bagay ke tout moun nan mond lan ap konnen byen. Y'ap kontan! Pa gen Jezi, pa gen Sentespri, pa gen lanfè, ann fè fèt! Jezi di si li te posib menm eli yo tap peri.

Apre twa jou edmi, oswa twa zan edmi, oubyen 42 mwa; (2 Pyè 3: 8), Bondye ap rele pawòl li ak Espri li, e yo pral monte nan syèl.

E yo te tande yon vwa ki te soti nan syèl la li di yo: Monte bò isit. E yo monte nan **syèl la nan yon nwaj;** e ènmi yo t'ap gade yo.

Revelasyon 11: 12

E **setyèm zanj lan te sonnen;** e te gen nan syèl la anpil gwo vwa, k'ap di: tout wayòm ki nan mond lan tounen wayòm Seyè nou an, ak Kris li-a; epi li ap reye pou tout tan e pou tou tan. Revelasyon 11: 15

Tanpri peye atansyon sou sa'k sot pase la-a. Nan vèsè douz la, mò yo te resiste e yo te monte nan syèl nan yon nwaj, e nan vèsè 15 lan, setyèm twonpèt la te sonnen, e apre sa te gen yon gwo vwa ki soti nan syèl la. Aktivite sa yo raple nou sa Apot Pòl te di nan (1 Tesalonisyen 4: 15-17)

<sup>16</sup> Paske Seyè-a menm va desann sot nan syèl la avèk yon kri, avèk vwa arkanj lan, e avèk twonpèt Bondye-a: lè sa-a moun ki mouri nan Kris la va leve an premye:

<sup>17</sup> Apre sa, nou menm ki vivan epi ki la yo va monte ansanm avèk yo nan nwaj yo, pou n'al rankontre Seyè-a nan lè zè: e konsa n'a va toujou rete avèk Seyè-a.

<sup>18</sup> Se poutèt sa pou nou yonn ankouraje lòt ak pawòl sa yo.

Amèn!